

الأحاديث الشريفة

HADITHI

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ

1- الحديث (للحفظ)

عن ابن عمر وأبي هريرة رضي الله عنهم،

أنهما سمعا رسول الله ﷺ يقول على أعواد منبره:

" لينتهين أقوام عن ودعهم الجمعات، أو ليختمن الله على قلوبهم،
ثم ليكونن من الغافلين ".

(رواه مسلم).

Nk'uko yashikirijwe na Mwene Omar na Abou Huraira (Imana Ibishimire bose), mu vy'ukuri bavuga ko bumvise Intumwa y'Imana (Imana Iyihe amahoro n'imigisha) ivugira ku nkingi ya Minbar yayo Iti: " Hari abantu bategerezwa guheba ingeso yo kureka gusenga imisi ya gatanu (Ijumaa), atar'uko naho Imana Allah Itere ikidodo ku mishaha yabo, hanyuma bace baba no mu basamaye ". (Yakiriwe na: MUSLIM).

-2 الحديث (الفهم)

عن عبد الله ابن أبي قتادة عن أبيه قال: قال النبي ﷺ :

" الرؤيا الصالحة من الله، والحلم من الشيطان، فإذا حلم أحدكم حلما يخافه فليصق عن يساره وليتعوذ بالله من شرها، فإنها لا تضره ". (البخاري 3292)

Nk'uko yashikirijwe na Abdallah mwene Abi Qatada ko yashikirijwe na Se wiwe avuga ko, Intumwa y'Imana (Imana Iyihe amahoro n'imigisha) yavuze Iti: " Indoto nziza iva ku Mana, kurota nabi navyo biva kwa Satani. Rero mu gihe umwe muri mwebwe aroze nabi agatinya, n'aheze acire ibubamfu bwiwe maze yikinga ku Mana Allah bivanye n'ingorane zayo, kandi mu vy'ukuri ntaco itwara ". (Yakiriwe na: BUKHARI).

3- الحديث (الفهم)

عن عائشة زوج النبي ﷺ أنها أخبرتنا أنها سألت رسول الله ﷺ عن الطاعون، فأخبرها نبي الله ﷺ أنه: " كان عذابا يبعثه الله على من يشاء، فجعله الله رحمة للمؤمنين، فليس من عبد يقع الطاعون فيمكث في بلده صابرا، يعلم أنه لن يصيبه إلا ما كتب الله له، إلا كان له مثل أجر شهيد " . (البخاري).

Nk'uko yashikirijwe na Aisha umukenyezi w'Intumwa y'Imana (Imana Iyihe amahoro n'imigisha), yatubariye ko mu vy'ukuri yabajije Intumwa y'Imana (Imana Iyihe amahoro n'imigisha) kubijanye n'ikiza candukira (Twaun), Intumwa y'Imana (Imana Iyihe amahoro n'imigisha) imubwira Iti: " Kiba ari igihano Imana Irungikira uwo Ishatse, ariko Imana Iyatuma kibera impuhwe ku bemera Mana, kandi nta mushumba azoshikirwa n'ico kiza ca (Twaun) hanyuma akaguma yihanganira mu gihugu ciwe, atahura neza ko mu vy'ukuri atacomushikira atari ico Imana Allah Yamwandikiye, uwo rero yandikirwa impera nk'iz'uwapfiriye mu nzira y'Imana ". (Yakiriwe na: BUKHARI).

4- الحديث (للحفظ)

عن عائشة رضي الله عنها، أن رسول الله ﷺ كان إذا أخذ مضجعه نفث في يده، وقرأ بالمعوذات، ومسح بهما جسده ".
(البخاري).

Nk'uko yashikirijwe na Aisha (Imana Imwishimire), avuga ko mu vy'ukuri Intumwa y'Imana (Imana Iyihe amahoro n'imigisha) iyo yaba ashaka kuryama, yarahuhera mu biganza vyayo, igasoma ivyokwikingira (Suratul Ikhlaswi, na Falaqi na Annaas), hanyuma agaca yisiga umubiri wose ". (Yakiriwe na: BUKHARI).

5- الحديث (الفهم)

عن حذيفة رضي الله عنه قال، قال رسول الله ﷺ:

" فتنة الرجل، في أهله، وماله، وولده، وجاره، تكفرها الصلاة، والصدقة، والأمر بالمعروف، والنهي عن المنكر."

(رواه البخاري).

Nk'uko yashikirijwe na Hudhaifa (Imana Imwishimire) avuga ko, Intumwa y'Imana (Imana Iyihe amahoro n'imigisha) yavuze Iti: " Ibigeragezo vy'umuntu, mu miryango yiwe, no mu matungo yiwe, no mu ruvyaro rwiwe, no ku mubanyi wiwe, bicungurwa n'isengesho n'imperezwa, hamwe no kubwiriza ivyiza no kubuza ibibi ". (Yakiriwe na: BUKHARI).

6- الحديث (للحفظ)

قال رسول الله ﷺ:

" على المرئ المسلم، السمع، والطاعة، فيما أحب، وكره، إلا أن يؤمر بمعصية، فإن أمر بمعصية، فلا سمع ولا طاعة "

(متفق عليه).

Intumwa y'Imana (Imana Iyihe amahoro n'imigisha) yavuze Iti: " Ni kuri bura Mwislamu wese, ukumvira no kwubaha, abikunda, atabikunda, kiretse mu gihe ategetswe gucumura, niyategekwa gucumura, nta kumvira canke kwubaha " (Bayihurijeko: BUKHARI na MUSLIM).

-7 الحديث (للحفظ)

عن ابن مسعود رضي الله عنه قال، قال رسول الله ﷺ:
 " سباب المسلم فسوق، وقتاله كفر ".
 (متفق عليه).

Nk'uko yashikirijwe na Mwene Masudi (Imana Imwishimire) avuga ko, Intumwa y'Imana (Imana Iyihe amahoro n'imigisha) yavuze Iti: " Gutuka umwislamu ni ubukozi bw'ikibi, kandi kumurwanya ni ubuhakanyi ".
 (Bayihurijeko: BUKHARI na MUSLIM).

8- الحديث القدسي (للحفظ)

عن أبي ذر رضي الله قال: عن النبي ﷺ فيما يرويه عن ربه تعالى قال:

{ يا عبادي! إني حرمت الظلم على نفسي، وجعلته بينكم محرماً، فلا تظالموا } .
(رواه مسلم).

Nk'uko yashikirijwe na Abou Dhari (Imana Imwishimire), avuga ko yakiriye ku Ntumwa y'Imana (Imana Iyihe amahoro n'imigisha) Ivuga ku vyo yakiriye ku Muremyi wayo Avuga Ati: "Emwe bashumba banje! Mu vy'ukuri Jewe Nariziririje guhemuka, Nongera Ndabigira ikizira hagati yanyu, kur'ubwo rero ntimugahemukiranire ". (Yakiriwe na: MUSLIM).

9- الحديث (للحفظ)

عن شداد ابن أوس رضي الله عنه، عن النبي صلى الله عليه وسلم قال:

" سيد الإستغفار: أن يقول العبد: > اللهم أنت ربي، لا إله إلا أنت، خلقتني وأنا عبدك، وأنا على عهدك، ووعدك ما استطعت، أعوذ بك من شر ما صنعت، أبوء لك بنعمتك علي، وأبوء بذنبي، فاغفر لي، فإنه لا يغفر الذنوب إلا أنت < ".

(رواه البخاري).

Nk'uko yashikirijwe na Shadadi mwene Awsi (Imana Imwishimire) avuga ko yakiriye ku Ntumwa y'Imana (Imana Iyihe amahoro n'imigisha) ivuga Iti: "[Kizigenza w'ibigongwe] n'uko umusavyi yovuga ati: " Ewe Mana mu vy'ukuri Wewe Uri Umuremyi wanje, nta yindi mana atari Wewe, Warandemye kandi ndi umushumba Wawe, nkaba ndi no mw'isezerano Ryawe, kandi isezerano ryawe ni ku vyo nshoboye, ndakwikinzeko bivanye n'ingorane z'ivyo nkora, ndemanga inema wampaye, nkemanga yuko ncumura, rero Mbabarira, kuko atawundi ababarira ivyaha atari Wewe ""'. (Yakiriwe na: BUKHARI).

10- الحديث (للحفظ)

عن سهل رضي الله عنه قال: سمعت النبي ﷺ يقول: " موضع سوط في الجنة، خير من الدنيا وما فيها. لغدوة في سبيل الله أو روحة خير من الدنيا وما فيها ". (البخاري).

Nk'uko yashikirijwe na Sahli (Imana Imwishimire) avuga ati: Numvise Intumwa y'Imana (Imana Iyihe amahoro n'imigisha) ivuga Iti: " Mu Bwami bw'ijuru ahangana n'aho gushira inkoni, hari n'agaciro ntangere gusumba isi n'ibiyirimwo, kugenda guharanira inzira y'Imana navyo ni vyiza gusumba isi n'ibiyirimwo ". (Yakiriwe na: BUKHARI).

11- الحديث (للحفظ)

عن أنس رضي الله عنه قال، قال رسول الله ﷺ:

" لا يؤمن عبد، حتى أكون أحب إليه، من أهله، وماله، والناس أجمعين ".

(رواه مسلم).

Nk'uko yashikirijwe na Anas (Imana Imwishimire) avuga ko Intumwa y'Imana (Imana Iyihe amahoro n'imigisha) yavuze Iti: " Umushumba ntaremera, mu gihe ntaraba uwo akunda, gusumba imiryango yiwe, n'amatungo yiwe, n'abantu bose ". (Yakiriwe na: MUSLIM).

12- الحديث (الفهم)

عن أبي سعيد الخدري رضي الله عنه، أن رسول الله صلى الله عليه وسلم قال:

" لتتبعن سنن من كان قبلكم حذو القذة بالقذة، حتى لو دخلوا حجر ضب لدخلكموه ". قالوا: > يا رسول الله! اليهود والنصارى <؟! قال: " فمن "؟! ". (رواه البخاري).

Nk'uko yashikirijwe na Se wa Saidi AlKhuderi (Imana Imwishimire) avuga ko mu vy'ukuri Intumwa y'Imana (Imana Iyihe amahoro n'imigisha) yavuze Iti: " Muzokurikira imigenzo y'ababatanguriye buke buke, kugera naho binjiye mu mwobo w'umuserebanyi muwinjire ". Bavuga bati: [Ewe Ntumwa y'Imana! Ni Abayahudi n'Abakrisu]? Ivuga Iti: " None ni bande "? . (Yakiriwe na: BUKHARI).

13- الحديث (للحفظ)

عن أبي هريرة رضي الله عنه قال: قال رسول الله ﷺ:
 " من كذب علي متعمداً، فليتبوأ مقعده من النار ".
 (متفق عليه).

Nk'uko yashikirijwe na Abou Huraira (Imana Imwishimire) avuga ko Intumwa y'Imana (Imana Iyihe amahoro n'imigisha) yavuze Iti: " Uwuzombeshera n'ibigira nkana, niyitegurire ivyicaró vyíwe mu muriro udahera ". (Yahurijweko na: BUKHARI na MUSLIM).

14- الحديث (الفهم)

عن أبي ذر رضي الله عنه، عن النبي ﷺ قال:

" ثلاثة، لا يكلمهم الله يوم القيامة، ولا ينظر إليهم، ولا يزكيهم،
ولهم عذاب أليم."

قال: > فقراها رسول الله ﷺ ثلاث مرار <.

قال أبو ذر: > خابوا وخسروا، من هم يا رسول الله <؟ قال
ﷺ: " المسبل، والمنان، والمنفق سلعته بالحلف الكاذب."

(رواه مسلم).

Nk'uko yashikirijwe na Abou Dharri (Imana Imwishimire), avuga ko yakiriye ku Ntumwa y'Imana (Imana Iyihe amahoro n'imigisha) ivuga Iti: " Hari batatu batazovugishwa n'Imana Allah ku musu w'umuhero, Ntizobaraba ryiza, Ntizobeza, kandi vyongeye bari n'ibihano bibabaza ". Avuga ati: Intumwa y'Imana (Imana Iyihe amahoro n'imigisha) yabivuze incuro zitatu. Abou Dharri yaciye avuga ati: [Baragowe kandi barahombye, ni bande Ewe Ntumwa y'Imana]? Intumwa y'Imana (Imana Iyihe amahoro n'imigisha) ivuga Iti: " Ni uw'impuzu zikora hasi, n'uwiratira ivyo yatanze, hamwe n'uwutanga ibidandazwa vyawe abanje kurahira abesha ". (Yakiriwe na: MUSLIM).

15- الحديث (للحفظ)

عن أبي هريرة رضي الله عنه قال، قال رسول الله ﷺ: " لا عدوى، ولا طيرة، ولا هامة، ولا صفر ". (متفق عليه).

Nk'uko yashikirijwe na Abou Huraira (Imana Imwishimire), avuga ko Intumwa y'Imana (Imana Iyihe amahoro n'imigisha) yavuze Iti: " Nta kwandukirwa, kandi nta mukoshi, kandi nta gihuna, vyongeye nta n'ukwezi kubi ". (Bayihurijeko: BUKHARI na MUSLIM).

16- الحديث (الفهم)

عن صهيب رضي الله عنه قال، قال رسول الله صلى الله عليه وسلم:

" عجباً لأمر المؤمن، إن أمره كله خير، وليس ذاك لأحد إلا للمؤمن. إن أصابته سراء، شكر، فكان خيراً له. وإن أصابته ضراء، صبر، فكان خيراً له ". (رواه مسلم).

Nk'uko yashikirijwe na Swuhaibu (Imana Imwishimire), avuga ko Intumwa y'Imana (Imana Iyihe amahoro n'imigisha) yavuze Iti: " Ivy'umwemera Mana biratangaje, ivyiwe vyose ni vyiza, kandi nta wundi arangwa navyo atari umwemera Mana, kuko iyo ashikiwe n'ibimuhimbara, arashima, kandi bikamubera vyiza. N'iyi ashikiwe n'ibimubabaza, arihangana, bigaca bimubera vyiza ". (Yakiriwe na: MUSLIM).

17- الحديث (للحفظ)

عن أبي هريرة رضي الله عنه قال: قال رسول الله ﷺ: " لعن الله السارق يسرق البيضة فتقطع يده، ويسرق الحبل فتقطع يده ".
(البخاري).

Nk'uko yashikirijwe na Abou Huraira (Imana Imwishimire), avuga ko Intumwa y'Imana (Imana Iyihe amahoro n'imigisha) yavuze Iti: " Imana Allah Iravumye umusuma yiba irigi agacibwa ukuboko, hamwe nuwiba ikiziriko agacibwa ukuboko ". (Yakiriwe na: BUKHARI).

18- الحديث القدسي (الفهم)

عن جندب ابن عبد الله رضي الله عنه قال، قال رسول الله صلى الله عليه وسلم:

" قال رجل: < والله! لا يغفر الله لفلان >. فقال الله عز وجل: {} من ذا الذي يتألى علي، أن لا أغفر لفلان؟! إني قد غفرت له، وأحببت عمالك {}". (رواه مسلم).

Nk'uko yashikirijwe na Jundubi mwene Abdallah (Imana Imwishimire), avuga ko Intumwa y'Imana (Imana Iyihe amahoro n'imigisha) yavuze Iti: " Hari umuntu yavuze ati: [Ndarahiye kw'Izina ry'Imana! Ko Imana Itababarira naka]. Nibwo Imana Nyenicubahiro Yaca Ivuga Iti: " Uyo ninde ariko andahirako, avuga ko Ntababarira naka !? Namaze kumubabarira, kandi ibikorwa vyawe nabifuse ""'. (Yakiriwe na: MUSLIM).

19- الحديث (للحفظ)

عن أبي سعيد الخدري رضي الله عنه قال: قال رسول الله صلى الله عليه وسلم:

" لا تسبوا أصحابي، فإن أحدكم لو أنفق مثل أحد ذهباً، ما بلغ مد أحدهم، ولا نصيفه ". (رواه البخاري).

Nk'uko yashikirijwe na Abou Saidi AlKhuderi (Imana Imwishimire), avuga ko Intumwa y'Imana (Imana Iyihe amahoro n'imigisha) yavuze Iti: " Ntimugatuke abasangirangendo banje, kuko umwe muri mwebwe naho yotanga inzahabu zingana n'umusozi wa Uhudi, ntiyoshikana n'ikiganza c'umwe muri bo, haba n'igice caco ". (Yakiriwe na: BUKHARI).

20- الحديث القدسي (للحفظ)

عن أبي هريرة رضي الله عنه قال، قال رسول الله ﷺ : " إن الله يقول يوم القيامة: { { أين المتحابون بجلالي؟ اليوم أظلمهم في ظلي، يوم لا ظل إلا ظلي } }".

(رواه مسلم).

Nk'uko yashikirijwe na Abou Huraira (Imana Imwishimire), avuga ko Intumwa y'Imana (Imana Iyihe amahoro n'imigisha) yavuze Iti: " Imana Izovuga ku musu w'umuhero Iti: " Abakundanye kubwanje barihe? Uno musu ndabashire mu gitutu canje, umusi ata kindi gitutu gihari atari iciwanje gusa "".

(Yakiriwe na: MUSLIM).

21- الحديث (الفهم)

عن صفية رضي الله عنها، عن بعض أزواج النبي ﷺ، عن النبي ﷺ قال: " من أتى عرفاء، فسأله عن شيء، لم تقبل له صلاة أربعين ليلة ". (رواه مسلم).

Nk'uko yashikirijwe na Sofia na bamwe mu Bakenyezi b'Intumwa y'Imana (Imana Iyihe amahoro n'imigisha) ko Yavuze Iti: " Uwuzogenda kwa rumenyi, akamubaza na kimwe, ntazokwemererwa amasengesho amajoro mirongo ine ". (Yakiriwe na: MUSLIM).

عن أبي هريرة رضي الله عنه، عن النبي ﷺ قال:

" من أتى كاهنا، أو عرفاء، فصدقه بما يقول، فقد كفر بما أنزل على محمد ". (رواه أحمد، 9536 ورجاله ثقة).

Nk'uko yashikirijwe na Abou Huraira (Imana Imwishimire), avuga ko yakiriye ku Ntumwa y'Imana (Imana Iyihe amahoro n'imigisha) yavuze Iti: " Uwuzogenda ku mupfumu, canke kwa rumenyi, hanyuma akemera ivyo avuze, azoba ahakanye ivyo Muhamadi yamanuriwe ". (Yakiriwe na: AHMAD; 9536 n'abakirizi bayo ni abizigirwa).

22- الحديث (الفهم)

عن أبي هريرة رضي الله عنه ، عن النبي ﷺ قال:

" أتدرون ماالمفلس "؟. قالوا: > المفلس فينا، من لا درهم له، ولا متاع <. فقال: " إن المفلس من أمتي، يأتي يوم القيامة بصلاة، وصيام، وزكاة. ويأتي قد شتم هذا، وقذف هذا، وأكل مال هذا، وسفك دم هذا، وضرب هذا، فيعطى هذا من حسناته، وهذا من حسناته، فإن فنيت حسناته قبل أن يقضى ما عليه، أخذ من خطاياهم فطرحت عليه، ثم طرح في النار ". (رواه مسلم).

Nk'uko yashikirijwe na Abou Huraira (Imana Imwishimire), avuga ko yakiriye ku Ntumwa y'Imana (Imana Iyihe amahoro n'imigisha) yavuze Iti: " Mbega murazi uwabihombeyemwo "? Bavuga bati: Uwaburaniwe muri twebwe, ni uwutagira amahera canke ivyo mu nzu. Ivuga Iti: " Uwabihombeyemwo mu runganwe rwanje, azoza ku musu w'umuhero yarasenze, yarisonzesheje, yaranatanze ishikanwa. Ariko akazozza yaratutse uyu, abeshera ubusambanyi urya, aya amatungo yuriya, kandi yaraseshe amaraso y'uuyu, akubita nuriya. Uyu ahabwe mu vyiza vyiwe, nurya mu vyiza vyiwe, hanyuma ivyiza vyiwe nivyamuhherana imbere yuko aheza kuriha ibimuriko, hatorwe mu vyaha vyabo abishigweko, hanyuma kandi atabwe mu muriro ". (Yakiriwe na: MUSLIM).

23- الحديث (للحفظ)

عن ابن عمر رضي الله عنهما قال:

>> نهى رسول الله ﷺ عن القزع <<.

قيل لنافع: ((مألقرع))؟! قال: >> أن يحلق بعض رأس الصبي، ويترك بعضه <<. (رواه البخاري ومسلم).

Nk'uko yashikirijwe na Mwene Omar (Imana Ibishimire bose), avuga ati: [Intumwa y'Imana (Imana Iyihe amahoro n'imigisha) yarabujije Qazai]. Nafiu yabwiwe ati: [Qazai n'iki]?. Avuga ati: [Ni ukumwa uruhande rumwe rw'umutwe w'umwana, akareka urundi ruhande].

(Yakiriwe na: BUKHARI na MUSLIM).

24- الحديث (الفهم)

عن ابن عباس رضي الله عنه قال: كنت خلف النبي ﷺ يوماً، فقال: " يا غلام! إني أعلمك كلمات: احفظ الله، يحفظك. احفظ الله، تجده تجاهك. إذا سألت، فاسأل الله. وإذا استعنت، فاستعن بالله. واعلم أن الأمة لو اجتمعت على أن ينفعوك بشيء، لم ينفعوك إلا بشيء قد كتبه الله لك. ولو اجتمعوا على أن يضروك، لم يضروك، إلا بشيء قد كتبه الله عليك. رفعت الأقلام، وجفت الصحف ". (رواه الترمذي، وقال: حديث حسن صحيح).

Nk'uko yashikirijwe na Mwene Abbas (Imana Imwishimire), avuga ati: Umusi umwe nari nungurujwe n'Intumwa y'Imana (Imana Iyihe amahoro n'imigisha), maze ivuga iti: " Ewe Musore! Mu vy'ukuri Jewe ngira ndakwigishe amajambo: Cunga ivy'Imana, Izokubungabunga. Cunga ivy'Imana, Uzoyisanga imbere yawe. Niwasaba, saba Imana Allah. Niwakenera imfashanyo, yisabe Imana. Kandi utahure ko naho ihanga ryose ryogukoranirako rishaka ikintu ryogufasha, nta nakimwe ryogufasha atari kwa kirya Imana Allah Yakwandikiye. Kandi naho ryokorana rishaka ico rikugira, ntaco ryokugira atari kwa kirya Imana Allah Yakwandikiye. Ikaramu zarashizwe hasi, kandi n'ibitabu vyarabitswe ". (Yakiriwe na: THIRMDHI, avuga ko ari nziza kandi yemewe .

25- الحديث (الفهم)

عن حذيفة ابن اليمان رضي الله عنه قال:

>> كان الناس يسألون رسول الله ﷺ عن الخير، وكنت أسأله عن الشر، مخافة أن يدركني. فقلت: يا رسول الله! كنا في جاهلية، وشر، فجاءنا الله بهذا الخير، فهل بعد هذا الخير من شر؟ قال ﷺ: " نعم ". قلت: >> فهل بعد ذلك الشر من خير؟ قال: " نعم! وفيه دخن ". قلت: >> وما دخنه؟ قال: " قوم يهدون بغير هديي، ويستتون بغير سنتي، تعرف منهم وتنكر ". فقلت: يا رسول الله! فهل بعد هذا الخير من شر؟ قال: " نعم " دعاة على أبواب جهنم، من أجابهم إليها، قذفوه فيها " قلت: >> يا رسول الله! صفهم لنا؟ قال: " هم من جلدتنا، ويتكلمون بألسنتنا ". قلت: >> يا رسول الله! فما تأمرني إن أدركني ذلك؟ قال: " تلزم جماعة المسلمين، وإمامهم ". قلت: >> فإن لم يكن لهم جماعة ولا إمام؟ قال: " فاعتزل تلك الفرق كلها، ولو أن تعض بأصل شجرة حتى يدركك الموت وأنت على ذلك ". (رواه البخاري ومسلم).

Nk'uko yashikirijwe na Hudhaifa mwene Al-Yamani (Imana Imwishimire), avuga ati: Abantu barakunda kubaza Intumwa y'Imana (Imana Iyihe amahoro n'imigisha) kuvyerekeye ivyiza, nanje nkayibaza kubijanye n'ingorane, kukwanka ntizize zinshikire. Mvuga nti: Ewe Ntumwa y'Imana! Twari mu bupagane, n'ingorane, maze Imana Allah Ituzanira ibi vyiza, none ubwo inyuma y'ibi vyiza hari izindi ngorane? Intumwa y'Imana (Imana Iyihe amahoro n'imigisha) ivuga Iti: " Ego me "! Kandi mvuga nti: None inyuma y'izo ngorane nta vyiza bindi? Yishura Iti: " Nivyo, kandi hari ibiremereye gusumba ". Nanje nti: Bibisumba gute ? Ivuga Iti: " Ni abantu bazozaba bararongora mu nzira itari iyo narongoyemwo, kandi bakurikize imigenzo itari gwanje, uzobamenyamwo kandi bizokubabaza ". Narabajije kandi nti: Ewe Ntumwa y'Imana! None inyuma y'ibi vyiza, hari izindi ngorane? Ivuga Iti: " Ego me! Abavugabutumwa bahamagarira ku miryango ya Gehinomu, uwuzobitaba, azowugwamwo ". Navuze nti: Batubwire none ga Ntumwa y'Imana!? Yavuze Iti: " Bo dusangiye urukoba, kandi tuvuga ururimi rumwe ". Nca mvuga nti: Ewe Ntumwa y'Imana! Untegetse iki nka hamwe vyonshikira? Ivuga Iti: " Niwitwararike ubumwe bw'Abislamu hamwe n'uwubarongoye ". Narayibajije kandi nti: None nihaba ata bumwe canke indongozi ? Yanyishuye Iti: " Rero aho ni ukwiyubara utwo tugwi twose, naho uzokumira ku muzi w'igiti, kugera naho urupfu rugusanga ariho wibereye ". (Yakiriwe na: BUKHARI na MUSLIM).

